Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 31 (7275)
26 июль 2017 сон
АрбагI
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Райадминистрациялда

## Ихтияр цIунулезулгун -дандчIвай

24 июлалда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ва АТКялъул председатель ГIиса НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана гIадлу-низам цIуниялъул органазул нухмалъулезул гун данчIвай.

Гьенир гIахьаллъана бетIерасул заместитель М. ХIамзатов, Унсоколо районалъул ОМВДялъул начальник М. МухIамадов, Шамильхъалаялда бугеб ОГялъул начальник С. Ландяков ва Балахьуни ОГялъул начальник Д. Кириллов.

Гьениб суал борхана нилъер районалъул гIадамал рагъулал мурадалгун Сириялде, ГIиракъалде ва цогидал пачалихъазде иналъул. ТIасан кIалъараз бичIчIизабуна районалъул росабалъ гьелда хурхун тадбирал гьаризе х1ажат букIиналъул, Россиялъул г1орхъаби рахун къватIире ине нигаталда ругелги



ва гьенире аралги гIадамал лъазаризе ккеялъул.

**Данделъиялда хIукму гьабуна:**

Унсоколо районалъул росабазул бут1рузе лъик1аблъун бихьизабизе, щибаб итни къоялъ, саг1ат 15.00 т1убазегIан ах1изе районалъул АТКялде гьаб телефоналъул номералде; **55-62-89,** лъазабизе батIи-батIиял мурадалгун Россиялъул г1орхъаби рахарал, х1акъикъаталдаги Сириялъул, Г1иракъалъул ва цогидалги пачалихъазде рагъулал ишазулъ г1ахьаллъи гьабизе унел гIадамазул х1акъалъулъ.

Кьварараб хъаравуллъи бук1инабизе росабалъ бугеб ах1вал-х1алалда хадуб, бербалагьиялда гъоркь рук1ине щаклъи бугел.

ХIукму т1убазабиялда хадуб кидагосеб халкквей бук1ине.

## Дагъистаналъул БетIер - АхIулгохIда




Гьаб моцIалъул бакъулъиялда «АхIулгохI» культуриябгун тарихияб, халкъазул гIаммаб къисматалъул бицунеб мемориалияб комплексалде щвана Дагъистаналъул БетIер Рамазан ГIабдулатIипов. Гьенив Р. ГIабдулатIипов валагьана выстовочнияб залалда бугеб сигнальнияб бащнялъухъ ва гь. ц. Гьесул рагIабазда рекъон мемориалияб комплекс гIицIго республикаялъул достопримечательность кколаро, Россиялъул халкъазул цогояб тарихалъул ракIалде щвейлъун ккола. БетIерас абуна: «Нилъеца гIаммаб къисматалъул, гIаммаб ракIалде щвеялъул мемориал гьабуна. ХIакъикъаталдаги гьеб комплекс гьабуна тIолабго Дагъистаналъ. Бихьулеб букIахъе лъугьана тIадегIанаб къагIидаялъ. АхIулгохI ккола ТIолгороссиялъул культуриябгун тарихияб памятник. Гьеб гьабиялъе тIадегIанаб къимат кьуна Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путиница. Нилъеда кIвараб жо нилъеца гьабуна. Гьанже гьеб цIунизе ва гIолеб гIелалъухъе бичIчIигун кьезе ккола.

Дагъистаналъулго школьниказе гIемер гьаризе ккола гьанире экскурсиял. Гьеб гуребги комплексалда сверухъ кидаго бацIцIадго букIине ккола. Гьанире рачIаразе чIезаризе ккола лъикIал шартIал. Кинабго хIалтIи гьаниб гIуцIун букIине ккола тIадегIанаб цивилизационнияб къагIидаялъ. БичIчизе ккола гьелдалъун нилъеца Россиялъулги Дагъистаналъулги гьумер бихьизабулеб букIин. Гьаб ккола пропагандистлъиялъулаб объект, бихьизабула кигIанисеб къадаралда цивилизованниял гIадамаз Дагъистаналда гIумро гьабулеб бугебали, гьелдаго цадахъ ракIалда чIезе ва хIурмат гьабизе ккола нилъерго тарихалъул. Гьаниб дагъистанияз ва гIурусаз жидерго биялдалъун нилъер букIинесеб тарих хъвана. Гьединал тарихалъулал дарсал кьезе ккола гIадамазе Расул ХIамзатовас абухъего:

«Гъоркьоб къотIи гьечIеб къолол гьаркьихъе
Кверзулаб рагъулъе рухIул махIухъе,
Иванил бидулъе гъорлъе жубана
БатIалъиго гьечIеб МухIамадил би» абураб магIнаялда.

Ахиралда Дагъистаналъул БетIерас хIурматиял гьалбадерица хъвай-хъвагIай толеб тIехьалда жиндирго рахъалдасан хъвай-хъвагIай тана. Гьевгун цадахъ АхIулгохIалда рукIана республикаялъул культураялъул министр З. Бутаева ва Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовги.

Лъималазул риидалил каникулал

## «Сосна» лагералда



Дагъистаналдаго лъикI лъала нилъер районалъул ГIашилтIа бугеб гьеб лагерь. Исана кигIанго гьавабакъалъул рахъалъ цIадал ралеб замана букIаниги лагерь хIалтIизе биччана 30 июналда. Гъоркьисала лъабго поток букIараб батани, исана хIухьбахъи къокълъулеб буго кIиго потокалда.

Цере арал соназда Дагъистаналдаго лъималазе хIухьбахъи гьабизе гIемерал лагерал рукIун ратани, исана гьезул къадар гIезегIанго дагьлъун буго.

«Сосна» лагералъул нухмалъулев МухIамад Лабазановичасул бажариялдалъун ва гъоркьиса рихьизарун рукIарал гIунгутIаби лъугIизаризелъун хIалтIиялъ МухIамадида кIвана лагерь жиндир заманалда хIалтIизе биччазе. Исана гьенир руго хIалбихьи ва бажари бугел вожатиял, гIолохъанал ругониги гьенирго гIурал, лагералъул низам лъалел воспитателал. Руго тIагIамаб квен гьабизе лъалел поварал. Гьезие бажарун нухмалъи гьабулеб буго Абулмуслимова Чакарица. Кидал щив вачIаниги гьез хIадурун чIезабун букIуна тIагIамаб, лъикI хIадурараб квен-тIех. Гьелдаса лъималги, хIалтIухъабиги, тIаде рачIаралги разиго рукIуна. Лагералъул начальник МухIамадица богогьабазда лъазабун буго тIаде вачIарав щив чи вугониги кванazавичIого виччаге,-ян.

Исана тIоцебесеб потокалда гьенир рукIана 200 ялдасаги цIикIкIун лъимал. Гьезие гьениб буго лъикIаб рега-рахъине бакI, спорталъе санагIатал шартIал, батIи-батIиял тадбирал тIоритIизе ресал, чвердезе бакI, тIабигIат лъазабизе хьвадизе нухал, ай хIухьбахъиялъе лъималазе хIажатабщинаб бугилан абуниги мекъи ккеларо.

ХIухьбахъизе гьенире рачIуна районалдаса гурелги Дагъистаналъул цогидал бакIаздасаги лъимал. Масала, гьенир рукIана МахIачхъалаялдаса, Кизилюрталдаса, ГIахьвахъа, Каспийскиялдаса лъимал. Гьединго гьенир рукIана спортсменал ва янгъизал, эбел-эмен гьечIого хутIарал лъималги. Гьел киналго лъикIал рахъазда цадахъго руго гIунгутIабиги, гIузрабиги.

(Ахир 2 гьумералда)

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 31 (7175)*
*26 июль 2017 сон*



РДялъул Конституциялъул Къоялъул хIурматалда МахIачхъалаялда ГъудуллъиялъуI рокъоб тIобитIана гIолилазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъизабиялде буссараб гIолилазул семинар. Гьединго гьенибго тIобитIана Россиялъул халкъазул ГъудуллъиялъуI Къоги. Гьенир гIолилазе рукIана лъикIал малъа-хъваял, кьуна шапакъатал.



# «Сосна» лагералда

Бихьулеб буго лъималазе бищунго захIматаб жо букIин радал тIаде рахъинги, гIодосан рилъанхьиги. Узухьда, гьеб буго рокъосанго гьел ругьун гьарунгутIи. Радал жиндир заманаялъ тIаде рахъунел гьечIони, гIодосан хьвадулелги гьечIони нафс квегъи кинаб букIунеб? Какал раялъ, кIалал ккеялъ нафс куцала, квегъула. Къаркъала бокьараб гьабизе биччаялъ, вакIа-вахари гьечIолъиялъ инсан щибго гьабизе бокьуларевлъун лъугьуна, кIвахIаллъиялъ квал бала ва гIумро гьабизе захIмалъула. Гьединлъидал эбел-инсуе, тарбиячагIазе, учительзабазе хIажат буго лъимал бицун течIого, жидецаго ишалдалъун мисал бихьизабун, гьел куцаялъулъ жигараб бутIа лъезе.



Аллагьас къуват кьеги нилъее бицунебги гьабулебги тартибалда, берцинго бачине.

**С. МУХIАМАДОВ.**

# РДялъул Конституциялъул Къогун

Ассаламу гIалайкум, хIурматиял районцоял! РакI-ракIалъ баркула нужеда Дагъистан Республикаялъул миллияб праздник Конституциялъул Къо!

Дагъистан Республикаялъул Конституция букIана ва буго гражданазул ихтияразул ва эркенлъиялъул гарантлъун, республикаялъул общественниябгIумроялъул кIвар бугел принципал, нилъер Россиялъул Федерациялъул рамкаялда жаниб квакIараб политикиябгун правовияб кьучI пачалихълъиялъулги жаниб бугеб аслияб правовияб документлъун, гражданлъиялъулаб обществаялъул институтлъун, халкъалъул мурадазда рагIа-ракьанде щвараб экономикиябгун социалияб политика бачунеб бакIалъулаб самоуправлениялъул системалъун.

Дагъистаниязул рес буго гIуцIи бугеб захIматалдалъун эркенго жидерго лъимал гIезаризе ва гьеб кинабго гьабулеб буго нилъее нилъер Конституциялъ. Нилъ ккола власть ва общество, Конституция тIубазабиялъе нилъеца кинабго гьабизе ккола. Гьелдалъун киналъего шартIалги гIуцIулаго нилъеда бихьула нилъер республика къуватаблъун, тIегьалеблъун, цебетIолеблъун, демократияблъун ва нилъеца кинабго гьабизе буго Россиялъул Федерациялъул кIудияб гIурус халкъалъгун, гьединго тIолалго халкъазул кумекалдалъун гьеб цебетIезабизе. Нилъ цолъизе ккола кризисалдаса, нахъе ккеялдаса, экстремизмалдаса бергьине, нилъерго гIагараб Дагъистан хехаб ва щвалде щвараб куцалда цебетIеялъул мурадалда.

Гьарула киназего нилъер ракьцоязе, шагьаразда ва гьеб бахун къватIир ругезеги гIагараб ракь ва тIолабго Россия тIегьазабиялъе, цебетIезабиялъе бажари, рацIцIадал анищал, захIматалда тIегь барал хIасилал, талихI, битIккей!. Киналго цадахъ ругеб мехалъ нилъ ккола Россия! Гьелъулъ буго нилъер къуват ва церетIеял!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**

# Авар мацIалъул ва адабияталъул учительзабазул слет



Дагъаб цебегIан Гъуниб магIарда тIобитIана Дагъистаналъул авар мацIалъул ва адабияталъул учительзабазул слет. Гьеб нухда бачана республикаялъул авар мацIалъул учительзабазул цолъиялъул председатель, педагогикиял гIелмабазул кандидат, ГI. Тахо-Годил цIаралда бугеб педагогиял цIех-рехал гьарулеб институталъул гIелмияй хIалтIухъан Баху МухIамадовалъ. Гъунире рачIун рукIана батIи-батIиял шагьаразул ва районазул магIарул мацIалъул мугIалимзабазул вакилзаби.

Слеталда гIахьаллъизе рес щвана нилъер районалъул мугIалимзабазеги. Гьеб рагьана магIарул мацIалъул цолъиялъул председатель Баху МухIамадовалъ. Гьелъ жиндирго кIалъаялда тIадчIей гьабуна магIарул мацI нилъер рухIияб бечелъи ккодеблъиялда, магIарулазул мацIги, адабиятги маданиятги бичIчIизабиялда хурхун гIун бачIунеб гIелалда гьоркьоб мугIалимзабаз хIалтIи гIуцIизе ккеялда.

Хадуб кIалъай гьабуна Дагъистаналъул лъай кьеялъул министр Шах-гIабас Шаховас. - Нильер республикаялда гIуцIун буго миллиял мацIазул цолъи, цохIо магIарул мацIалъул гуребги, магIарул мацIалъул учительзабазул цолъи гIуцIаралдаса унеб буго 2 сон. Гьеб цолъиялъ кIудиябльун бугеб хIалтIи гьабулеб буго магIарул мацIалъ кьолел дарсал камиллъизариялъе, тIори-тIулел руго батIи-батIиял тадбирал, магIарулазул мацIги, адабиятги, маданиятги, гIадаталги цIуниялъе. Дун вохарав вуго, магIарулав хIисабалда, гьаб данделъиялда гIахьаллъи гьабизе рес щвеялдаса. Дир ракI чIола гьаб данделъиялде рачIаралги рачIинчIогохутIаралги, мугIалимзабаз нилъ рижараб ракьалдеги, авар мацIалдеги кIочонгутIиялъул асар бижизабилилан,-абуна гьес.



Нилъер районалдаса слеталда гIахьаллъи гьабуна: Унсоколо № I школалъул авар мацIалъул мугIалимзаби ГIабдулаева ГIайшатица ва НурмухIамадова ГIайшатица, Шамильхъалаялъул школалъул мугIалим ГIабдулхIамидова ПатIиматица, ГьаракIуниса ТIайгибова Аминатица, ГIашиптIаса Закаригаева Разиятица ва гьелъул яс МухIамадова Заремаца, Унсоколо № 2 школалдаса Гъазиев МухIамадица, Балахьуниса МухIидинов ХIажимурадица, Генуса ГIабдулаева Асиятица ва Закаригаева Эльмираца.

Слеталда гIахьаллъи гьабуна I5 командаялъ. Гьез гIахьаллъи гьабизе кколаан батIи-батIиял конкурсазда - гьел рукIана:
I. Миллияб квен гьабиялъул,
2. Районалъул миллияб кьурдул,
3. Районалъул миллияб ратIлил,
4. Сценаялда бихьизабулеб росдал гIадатазул,
5. Районалъул тарих ва машгьурал гIадамал лъазариялъул конкурсги.

Киналго конкурсазда гIахьаллъи гьабуна нилъер командаялъ. Цо-цоязда ракIалде ккезе бегьула ниж Гъуниб магIарде хIухьбахьи гьабизе ун рукIун ратилилан, дагьабниги хIухьбахьиги букIинарищха, амма аслияб заман кIиябго къоялъ конкурсазда хIадурулаго ана.

Дун гIажаиблъизавуна конкурсалъул гIахьалчагIаз – авар мацIалъул мугIалимзабаз цебе лъураб масъала тIубазабизе бахъулеб букIараб хIаракаталъ. Нилъер магIарул мацIалъул учительзаби рукIун руго унго-унгоял рагIул устарзаби, гьезулъ камураб махщелго батиларин ккезе бачIана. Кьурдухъабиги гьел, батIи батIияб квании богогьабиги гьел, сценаялде рахъун кIалъазе махщел бугел артисталги гьел, районалъул тарих лъалел, маданиятги лъалел, машгьурал гIадамалги лъалел кIал пасихIал мугIалимзабиги гьел. Балагьараб мехалда бихьулеб букIана гьел конкурсалде унго-унгояб куцалда хIадурун рукIин.

РакIалде ккезе бачIана Унсоколо районалъул гIун бачIунеб гIелалда магIарул мацIги магIарул маданиятги кидаго кIоченарин гьадинал магIалимзаби рукIаго. Баркала буго, нужее, мугIалимзаби районалъул лъай кьеялъул управлениялъул рахьалдасанги ва дирго рахьалдасанги районалъул къадру цIунаралъухъ. Камулел гьечIо цо-цо эбел-эмен магIарул мацIалъул дарсал сундуе къварисIаралин абулелги, гьединазда нилъер ЦIатIаних росулъа шагIир МухIамад Гунащевас гьадин абуна:

**Мегь кIочон тараца, мацI рихараца**
**НацI базабун буго Дагъисталалда.**

**Гьез арендаялъе авар мацIги кьун,**
**Иванил батула гьоркьоб бицунеб.**
**Лъималазул дарсде ячIинчIей эбел**
**ЯчIун гаргадула директорада**
**Дир гьадай яс дуца эркен гьаейин**
**Гьаб цо «роднояльул» урокалдаса,**
**Эменги вукIана элда абулев**
**«Трудно» батани, те жибгойилан.**

ТIаде щвана кIиябго къоялъ гьарурал конкурсазул хIасилал гьарулеб заман. I5 командаялда гьоркьоб тIоцебесеб бакI щвана Болъихъ районалъул командаялъе, кIиабилеб бакIалде бачIана Унсоколо районалъул команда. Нижер рохалие гIорхьи букIинчIо. ГIасияб соналъ, Аллагьас хьван батани, Гъуниб тIобитIараб гIагьаб данделъи Болъихъ районалда тIобитIизе буго.

Дие баркала загьир гьабизе бокьун буго, конкурсалда гIахьаллъулаго нижее кумек гьабурал районалъул культураялъул хIалтIухъаби ГIабдурахIманов ГIабдулкаримие, АхIмадова ГIайшатие, ХIажимухIамадова Сакинатие. Хасго баркала кьезе бокьун буго ГьаракIуниса А. ТIайгибовалъул рос МухIамадие, нижее квен-тIех гьабиялъулги транспорталъулги рахьалъ шартIал чIезаруралъухъ.

**Жакъа мацI кIочон тани, метер цIар кIочон толин**
**ЦIуне, цIуне наслаби, цIар рагIараб авар мацI!**

**Сулейман МУХIАМАДОВ**
**РайУНОялъул авар мацIалъул цолъиялъул председатель,**
**ХьахIабросдал гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул мугIалим.**

# ОТЧЕТ

## об исполнении консолидированного бюджета МО «Унцукульский район» за 1-полугодие 2017 года

| Наименование показателя Вед $Р_3$ ПР ЦСР ЭКР | План | поступило | Перечислено | отклонение | % исп. | ост. на кон. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| I. ВСЕГО ДОХОДОВ 2017 года: | 616 785 548,20 | 296 626 051,47 | 293 759 272,77 | -320 159 496,73 | 48,1% | 2 866 778,7 |
| 1. НАЛОГОВЫЕ И НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ 000 1 00 00000 00 0000 000 | 80 116 400 | 37 380 582,47 | 40 227 767,69 | -42 735 817,53 | 46,7% | -2 847 185,2 |
| - муниципального района | 73 470 400 | 34 878 413,85 | 38 029 054,10 | -38 591 986,15 | 47,5% | -3 150 640,3 |
| - поселений | 6 646 000 | 2 502 168,62 | 2 198 713,59 | -4 143 831,38 | 37,6% | 303 455,03 |
| 2. БЕЗВОЗМ. ПОСТУПЛЕНИЯ: 000 2 00 00000 00 0000 000 | 536 669 148,20 | 259 245 469,00 | 253 531 505,08 | -277 423 679,20 | 48,3% | 5 713 964 |
| - дотации 000 2 02 01000 00 0000 151 | 106 187 000 | 43 537 000 | 43 537 000 | -62 650 000 | 41,0% | 0 |
| - субсидии 000 2 02 02000 00 0000 151 | 7 138 200 | 2 382 382 | 2 641 431 | -4 755 818 | 33,4% | -259 049 |
| - субвенции 000 2 02 03000 00 0000 151 | 423 343 948,20 | 213 326 087 | 207 520 950 | -210 017 861,20 | 50,4% | 5 805 137 |
| - иные межбюджетные трансферты 000 2 02 04000 00 0000 151 | 0 | 0 | 0 | 0 | # | 0 |
| - Возврат в респ. бюджет цел. средств на 01.01.2017г. (остаток) 000 2 19 05000 00 0000 151 | | -196 880 | -196 880 | | | |
| Дотация и Вус поселений на ОКМ счете | | | -167 876 | | | -167 876 |
| **Наименование учреждений и поселений** | **План** | нач. по реестр | **изрос. по отч.** | **отклонение** | **% исп.** | **ост на кон.** |
| I. РАСХОДЫ 2017 года: | 623 865 263,56 | 299 461 678,48 | 294 691 499,79 | -324 403 585,08 | 48,0% | 4 770 178,69 |
| 1.Райадминистрация | 57 107 153,15 | 19 887 639,00 | 18 266 357,00 | -37 219 514,15 | 34,8% | 1 621 282,00 |
| 2.Контрольно-счетная палата | 953 997 | 439 338 | 439 338 | -514 659 | 46,1% | 0 |
| 3. Собрание депутатов муниципального района | 1 415 385 | 755 598 | 755 598 | -659 787 | 53% | 0 |
| 4. Управление финансов | 3 072 368 | 1 283 494 | 1 283 494 | -1 788 874 | 41,8% | 0 |
| 5. МКУ «Служба ЖКХ администрации МО «Унцукульский район» | 2 905 896 | 1 824 873 | 1 824 873 | -1 081 023 | 62,8% | 0 |
| 6. МКУ «Служба земельно-кадастровых и имущ. отношений» | 651 048 | 273 339 | 273 339 | -377 709 | 42% | 0 |
| 7. МКУ «Отдел по подготовке зоны водохран. Ирганайской ГЭС» | 1 198 974 | 708 872 | 668 600 | -490 102 | 59% | 40 272 |
| 8. МКУ «Центр обслуживания муниципальных учреждений» | 4 813 697 | 2 261 613 | 2 261 613 | -2 552 084 | 47% | 0 |
| 9. Управление образования | 3 076 258 | 1 519 066 | 1 518 615,52 | -1 557 192 | 49,4% | 450,48 |
| 10. МКДОУ №1 «Ромашка» с.Унцукуль: | 15 716 549 | 5 561 936 | 5 553 690 | -10 154 613 | 35,4% | 8 246 |
| 11. МКДОУ №2 «Ласточка» с.Унцукуль: | 19 009 014 | 7 051 548 | 7 041 432 | -11 957 466 | 37,1% | 10 116 |
| 12. МКДОУ №3 «Фиалка» с.Ирганай | 9 127 957 | 3 348 785 | 3 342 352,0 | -5 779 172 | 37% | 6 433,0 |
| 13. МКДОУ №4 «Теремок» с.Гимры: | 15 126 129 | 5 467 335 | 5 287 792 | -9 658 794 | 36% | 179 543 |
| 14. МКДОУ №5 «Соколенок» с.Майданск: | 9 200 732 | 3 253 694 | 3 247 819 | -5 947 038 | 35% | 5 875 |
| 15. МКДОУ №6 «Звездочка» с.Балахани: | 3 973 084 | 1 551 287 | 1 448 910 | -2 421 797 | 39% | 102 377 |
| 16. МКДОУ №7 «Улыбка» с.Аракани: | 4 339 821 | 1 639 804 | 1 638 774 | -2 700 017 | 38% | 1 030 |
| 17. МКДОУ №8 «Солнышко» п.Шамилькала: | 11 353 415 | 4 267 814 | 4 127 083 | -7 085 601 | 38% | 140 731 |
| 18. МКДОУ №9 «Сказка» п.Шамилькала | 22 924 921 | 8 383 907 | 8 322 707 | -14 541 014 | 37% | 61 200 |
| 19. МКДОУ №10 «Снежинка» с.Кахабросо: | 4 801 503 | 1 738 287 | 1 692 236,10 | -3 063 216 | 36% | 46 050,90 |
| 20. МКДОУ №11 «Сосна» с.Ашильта: | 6 708 945 | 2 452 061 | 2 446 561 | -4 256 884 | 37% | 5 500 |
| 21. МКДОУ №12 «Чебурашка» с.Цатаних: | 3 845 533 | 1 473 577 | 1 329 289 | -2 371 956 | 38% | 144 288 |
| 22. МКДОУ №13 «Колобок» пос. Гимры: | 7 984 314 | 2 384 179 | 2 376 826 | -5 600 135 | 30% | 7 353 |
| 23. МКОУ «УСОШ №1» с.Унцукуль | 24 599 854 | 15 432 883 | 15 347 116 | -9 166 971 | 63% | 85 767 |
| 24. МКОУ «УСОШ №2» с.Унцукуль | 26 227 539 | 13 159 837 | 13 159 837 | -13 067 702 | 50% | 0 |
| 25. МКОУ «МСОШ « с.Майданск | 23 893 724 | 12 204 640 | 12 096 332 | -11 689 084 | 51% | 108 308 |
| 26. МКОУ «АСОШ « с.Ашильта | 17 476 119 | 8 769 547 | 8 740 906,01 | -8 706 572 | 50% | 28 640,99 |
| 27. МКОУ «КСОШ « с.Кахабросо | 13 899 490 | 6 942 352 | 6 942 352 | -6 957 138 | 50% | 0 |
| 28. МКОУ «БСОШ « с.Балахани | 23 403 706 | 14 481 973 | 14 436 826,03 | -8 921 733 | 62% | 45 146,97 |
| 29. МКОУ «ГСОШ « с.Гимры | 35 019 459 | 18 856 224 | 18 856 224 | -16 163 235 | 54% | 0 |
| 30. МКОУ «ЦСОШ « с.Цатаних | 13 106 909 | 6 394 951 | 6 379 996 | -6 711 958 | 49% | 14 955 |
| 31. МКОУ «ИСОШ « с.Ирганай | 27 368 432 | 16 247 829 | 16 125 574 | -11 120 603 | 59% | 122 255 |
| 32. МКОУ «АСОШ « с.Аракани | 13 476 639 | 8 558 505 | 8 558 505 | -4 918 134 | 64% | 0 |
| 33. МКОУ «ГПСОШ « п.Гимры | 11 808 288 | 6 550 087 | 6 505 186 | -5 258 201 | 55% | 44 901 |
| 34. МКОУ «ШСОШ « п.Шамилькала | 51 232 923 | 28 929 651 | 28 929 001 | -22 303 272 | 56% | 650 |
| 35. МКОУ «ХООШ « с.Харачи | 5 948 506 | 2 787 846 | 2 540 764 | -3 160 660 | 47% | 247 082 |
| 36. МКОУ «МООШ « с.Моксох | 6 416 160 | 3 190 541 | 3 031 227,90 | -3 225 619 | 50% | 159 313,10 |
| 37. МКОУ «ИООШ « с.Иштибури | 7 312 938 | 3 470 551 | 3 470 551 | -3 842 387 | 47% | 0 |
| 38. РЦДОД с.Унцукуль | 6 409 072 | 3 625 726 | 3 169 785 | -2 783 346 | 57% | 455 941 |
| 39. ДДТ с.Гимры | 2 528 181 | 1 455 409 | 1 455 409 | -1 072 772 | 58% | 0 |
| 40. ДДТ п.Шамилькала | 2 877 378 | 1 652 614 | 1 652 614 | -1 224 764 | 57% | 0 |
| 41. ДЮСШ с. Унцукуль | 3 598 228 | 2 070 075 | 2 069 625,00 | -1 528 153 | 58% | 450,00 |
| 42. ДЮСШ с. Гимры | 4 261 394 | 2 449 193 | 2 449 193 | -1 812 201 | 57% | 450,00 |
| 43. ДЮСШ с. Балахани | 4 730 082 | 3 213 952 | 2 814 292 | -1 516 130 | 68% | 399 660 |
| 44. ЦДТ п. Шамилькала | 5 769 939 | 3 325 307 | 3 325 307 | -2 444 632 | 58% | 0 |
| 45. Школа искусств | 3 923 004 | 2 209 083 | 2 165 133 | -1 713 921 | 56% | 43 950 |
| 46. СЮТ с. Унцукуль | 5 004 355 | 2 899 002 | 2 899 002 | -2 105 353 | 58% | 0 |
| 47. Управление культуры | 25 894 833 | 12 924 695 | 12 891 083 | -12 970 138 | 50% | 33 612 |

# ОТЧЕТ

## об исполнении консолидированного бюджета МО «Унцукульский район» за 1-полугодие 2017 года

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 48. Поселения всего: | 48 371 418,41 | 20 131 159,48 | 19 532 360,01 | -28 240 258,93 | 41,6% | 598 799 |
| - МО «Село Ашильта» | 2 585 258,73 | 1 058 326,73 | 1 058 326,73 | -1 526 932 | 41% | 0 |
| - МО «Село Гимры» | 5 263 193,32 | 1 898 328,40 | 1 517 569,32 | -3 364 865 | 36,1% | 380 759 |
| - МО «Село Ирганай» | 3 207 866,64 | 1 218 999,12 | 1 218 999,12 | -1 988 868 | 38,0% | 0 |
| - МО «Село Харачи» | 1 570 842,02 | 697 780,00 | 673 503,18 | -873 062 | 44,4% | 24 277 |
| - МО «Село Цатаних» | 2 682 853,45 | 1 279 092,39 | 1 273 490,45 | -1 403 761 | 47,7% | 5 602 |
| - МО «Сельсовет Араканский» | 2 921 917,84 | 1 120 415,00 | 1 120 015,00 | -1 801 503 | 38,3% | 400 |
| - МО «Сельсовет Балаханский» | 3 719 401,21 | 1 574 572,00 | 1 563 771,87 | -2 144 829 | 42,3% | 10 800 |
| - МО «Сельсовет Иштибуринский» | 2 576 490,58 | 1 214 129,00 | 1 209 297,00 | -1 362 362 | 47,1% | 4 832 |
| - МО «Сельсовет Кахабросинский» | 2 370 237,96 | 1 135 090,00 | 1 135 088,00 | -1 235 148 | 47,9% | 2 |
| - МО «Сельсовет Майданский» | 3 255 822,99 | 1 324 102,00 | 1 317 419,88 | -1 931 721 | 40,7% | 6 682 |
| - МО «Сельсовет Унцукульский» | 9 240 005,78 | 3 535 525,50 | 3 535 525,50 | -5 704 480 | 38,3% | 0 |
| - МО «Поселок Шамилькала» | 8 977 527,89 | 4 074 799,34 | 3 909 353,96 | -4 902 729 | 45% | 165 445 |
| II.ИСТОЧНИКИ ФИНАНСИРОВАНИЯ ДЕФИЦИТА БЮДЖЕТА (Остаток на конец 2016 года) | 7 079 715,36 | 5 702 405,71 | 5 702 405,71 | -1 377 309,65 | 81% | 0,00 |
| в том числе: | | | | | | |
| а) Расходы за счет переходящего остатка района | 6 488 176,95 | 5 192 213,90 | 5 192 213,90 | -1 295 963,1 | 80% | 0,00 |
| б) Вовврат в республиканский бюджет с района | -196 880 | -196 880 | -196 880 | 0,00 | 100% | 0,00 |
| в) Расходы за счет переходящего остатка поселений | 788 418,41 | 707 071,81 | 707 071,81 | -779 371,64 | 90% | 0,00 |

# Поэзиялъул букIон

(Газета цIалулезул кучIдул)



## Ансадерил чапар «Ахихъаналде»



Ансадерил чухIи, чIагояб калам
Кин бугеб чорхол хIал, хIукумат биххун,
Колхоз-совхоз биххун, риххарал чIваднахъ,
ЧIалха гурияб жо бижулеб бугищ!?
Дахадаевасул цIар къураб колхоз
Каспи ралъадалда къадру бащадаб,
Къойил дур ахикьа машинабаца
Раччун лъугIуларел пихъил ящикал,
Чубайсий хIорги къан хIарщулъ хутIарал
Куракул ахазухъ урхьун гьечIищ, мун?
Улка тIегьаялъе тIалил най гIадин
ГIолилазул къеркьей бачIунищ цебе!?
Жидер гIумроялда тIасаги къотIун
БутIа кьуна, дуе редактораца,
МухIканаевалин цIаралги хисун
Халкъалъе бицана лъунеб бахъунеб.
Къварилъи ккаразе зигараги мун,
Зулму-хIал ккаразе кумекчиги мун,
Киналго ишазулъ цебесеб къерда
Кьварараб букIана, дур хIалтIул рахьин.
Гьанже дур гьурмазда чIванин, къвагьанин
КьогIаб гуреб хабар рагIулеб гьечIо,
Солдатаз постал льун, сверун ккун бугеб
Щибилан бицинеб гендерил росдал?
Коммунистаз росулъ мажгитги къачIин
Щиб къваригIунгIаги къеркьезе лъварал?
Улка тIутIулелъул тIаде ккаразе
Рекъоледухъ баче, Саният, аргъан!
Умумазул гIетIги, гIадлу, тадбирги
Балагьун батулеб хIал гьечIин хутIун,
Тукенги, мойкаги, кафеги хутIун
ТIокIаб хIалтIи гьечIин, чIвай эзие хъат!

## Колоса Сурхай



АхIулгохIда щведал цебе батулеб
Сурхайил си бихьун, чIухIула дир ракI,
Дун вижарал хъинсалъ гIурав багьадур
Бищун цеве вуго гохI цIунаразулъ.
ГIарададул гулбуз си кьагьизегIан
Тушманасул караналъ алхинчIеб гулла,
Гьужумалъ рачIунеб нухлул кIалги ккун
Ращад гьечIеб рагьулъ, кьуна дуца рухI.
Гьазиявлъун хвезе букIараб анищ
ТIубан кьанщана мун абадиялъе,
Мунгун цадахъ рагъда лъади шагьидлъун
Асирлъуде ккарай, цохIо йигей яс!
РухI кьун вагъулаго гIохIда хвел щварав
Къадруялда нижгун вуго мун даим,
Гьарурал васазе колдерил росулъ
Лъабго Сурхай гIола щибаб гIелалъулъ.
Гуллие керен кьун рагъаралилан
Килис, медаль бала бахIарчиясда,
Килис медалалде мун хIажалъичIо
ХIабибасде бугеб рокьи гIуна, дуй.
УхIудалъул рагъда шагьидлъаразда
Ращалъи букIана, дур рекIел мурад,
ПIагараб ракь цIуни тIадеги жубан
Жегиги цIикIкIана нужее ажру.
Лугбалъан чвахулеб бидул чил-чили
Бадисан чвахулеб ццидал магIил гIор,
Хвалчабазул чапи, чурхдузда ругьнал
ЧаранпIан къвакIарал, дол гьазизаби!.

**ЖабрагIил-хIажи ХАЛИДОВ.**

## Ракьул гIерекъ

Ракьул гIерекъ, дур гIадаб
ГIадилаб тадбир гьечIо,
Гьаб дунял хис-хисула
Дур хасият цо буго.
Ихдада гIурччинлъула
Хаслихъе тIогьиллъула,
ТIад чIун халкъалъ мерхьунин
Дур хьалбал унтуларо.
Ханзаби бегзабиги
Дур чохьонир рукъула,
Къадарав хIалихьатги
Дуца къватIив толаро.
Дуда гвендал рухьула
Чи вукъизе, гьветI чIезе,
Дуца гIалам хьихьула
Хьуллъурабщинабги кьун.
Духъ гьоболлъухъ рештIуна
Кинабниги махлукъат,
ГIакъло-лъаялъул бутIрул
Бецав, рекъав, къуватав.
Хур бичулев, босулев
КIиявго данделъула,
Хур цIураб гIиял кьуни
Кьезе къотIиги гьабун.
ГIи хурибе гъун буго
ХурцIун тIасанги ккараб,
Дур гIиял шуршуданин
Дир хур цохIо кьуричIин,
Хурул бетIергьанчияс
Дараналъе квер кьечIеб.
Гьеле доб ракьул гIерекъ
Кьимат кьун бажаричIеб.

## Дагъабго гьими

МагIарухъе хьвадулеб нухда кидаго дежурствоялда вукIунев цо цIакъго къадарав, щиб гIилла батунги, дицаги хъизан хьихьизе кколин, шоферазухъа гIарац бахъун гурони чIоларев ГАИялъул хIалтIухъан вукIун вуго. Гьеб нухдасан кидаго хьвадулев, гIемер дов инспекторас гIакъуба кьурав шоферасда ав цо къоялъ цIакъго къваридго ватун вуго. Гьав тIаде щвелалде гIодизе лъугьун вуго.

Щибин ккараб жоян гьас гьикъидал: «Дир цо вукIарав вас хвана авариялдеги ккун», -ян гьес бициндал, досда аскIов гIодовги чIун шоферги гIодизе лъугьун вуго.

-Дунни цо вукIарав васги хун, дир ирс босулев чи хутIулев гьечIелъул гIодулев вуго. МунгIаги щибилан гIодулев вугев?,-ян гьикъун буго гаишникас.

-Дица хьихьарав вас хведал дирги букIинищ ракI бухIичIого,-ян жаваб кьун буго шоферасги.

### ЛЪАЗАБИ

I999 соналда Унсоколо гьоркьохъеб къасисеб школалъ Аминова ГIазраъ НурмухIамадовналъул цIаралда кьураб А № I842379 бугеб аттестат билун буго. Жакъа кьоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.


| | | | |
|---|---|---|---|
| **Газета основана 1937 г.**<br>**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**<br>**Главный редактор**<br>**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА** | **Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**<br>**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**<br>**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.** | **Адрес редакции:**<br>**51373**<br>**Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**<br>**Телефон редактора 89896522856**<br>**sadovoduns@yandex.ru**<br>**398940** | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать - 25. 7. 17 г. 14. 20 фактически -16. 20 мин.<br>.......................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 1000 экз. |